**दिन– सोमवार** **दिनांक–30.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06ः25 बजे सँ संपादक– धर्मेन्द्र कुमार राय

अवधिः–05 मिनट टंकक– राहुल कुमार

---

बिहार लोक सेवा आयोगक सत्तरिम सिविल सेवा प्रारंभिक परीक्षा रद्द कयल जयबाक मांग के लऽकऽ अभ्यर्थी सभक आंदोलन तेरहम दिन जारी रहल। काल्हि गांधी मैदान मे छात्र संसदक बाद मार्च निकालबाक दरमियान पुलिस सँ झड़प आ लाठीचार्जक विरोध मे आइ विभिन्न संगठन राज्यक कतेको भाग मे विरोध प्रदर्शन कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि चक्का जामक दरमियान प्रदेश मे विभिन्न स्थान पर रेल आ सड़क यातायात के रोकबाक प्रयास कयल गेल। बंद के वाम दल आ किछु आन राजनीतिक दलक समर्थन प्राप्त अछि।

---

बीपीएससी मामिला मे आंदोलन कऽ रहल अभ्यर्थी सभ आइ मुख्य सचिव अमृत लाल मीणा सँ भेंट कयलनि। अभ्यर्थी सभक प्रतिनिधिमंडल अपन मांग सभ के रखलक। भेटक बाद गतिरोध दूर करबाक संबंध मे कोनो निर्णय नहि भऽ सकल प्रदर्शन कऽ रहल परीक्षार्थी सभ आंदोलन समाप्त करबा सँ इनकार कऽ देलनि अछि। एम्हर विरोध प्रदर्शनक मध्य सचिव आ बिहार लोक सेवा आयोगक अध्यक्ष रवि मनुभाई परमार राज्यपाल सँ भेंट कयलनि आ हुनका पूरा स्थिति सँ अवगत करौलनि।

———————————————————————

केन्द्रीय मंत्री लोजपा रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान गतिरोध दूर करबाक लेल प्रदर्शनकारी परीक्षार्थी सभ के वार्ताक लेल बजाओल जयबा पर सरकारक पहल के स्वागत कयलनि अछि। श्री पासवान कहलनि जे सरकार के युवा सभ सँ संबंधित एहि मुद्दा सभ के शीघ्रहि समाधान निकालल जयबाक चाही।

———————————————————————

पटनाक गांधी मैदान मे बिना अनुमति के छात्र संसद आयोजित करबाक आ हंगामा करबका मामिला मे जनसुराज पार्टीक संयोजक प्रशांत किशोर सहित एकैस लोकसभक विरूद्ध नामजद प्राथमिकी दर्ज कयल गेल। ओतहि सात सय अज्ञात लोक सभक विरूद्ध

प्राथमिकी दर्ज कयल गेल अछि। एहि मामिला मे प्रशांत किशोर आइ मीडिया सँ गपशप करैत कहलनि जे हुनका पर अभ्यर्थी सभ के भड़केबाक आरोप गलत अछि। श्री किशोर जनौलनि जे जखन ओ धरना स्थल पर उपस्थित छलाह ताधरि पुलिस कोनो कार्रवाई नहि कयलक।

---

राजद के वरिष्ट नेता आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे राज्य भरि मे सरकार क्रियाशील नहि अछि। कार्यकर्ता दर्शन सह संवाद कार्यक्रमक अंतर्गत सीतामढ़ी मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री यादव आरोप लगौलनि जे राज्य सरकार बीपीएससी अभ्यर्थी सभक मांग के दरकिनार कऽ रहल अछि। ओ सत्रह मासक महागठबंधन सरकारक उपलब्धि सभ सेहो गनेलनि। श्री यादव कहलनि जे आब नीतीश कुमारक संग गठबंधनक कोनो प्रश्न नहि अछि।

---

भारतीय पुलिस सेवाक पूर्व अधिकारी आ महावीर मंदिर ट्रस्ट पटनाक सचिव आचार्य किशोर कुणालक अंतिम संस्कार आइ हाजीपुर स्थित कोनहारा घाट पर कयल गेल। एहि सँ पहिने हुनक पार्थिव शरीर अंतिम दर्शनक लेल पटना स्थित आवास पर राखल गेल। पार्थिव शरीर के पटनाक महावीर मंदिर मे सेहो राखल गेल जतऽ पैघ संख्या मे लोक सभ हुनका

श्रद्धांजलि देलनि। एकर बाद शव यात्रा कोनहारा घाटक लेल विदा भेल छल। ध्यातव्य अछि जे काल्हि हृदयाघात सँ हुनक निधन भेल छल। ओ चौहत्तरि वर्षक छलाह।

———————————————————————

केन्द्रीय वित्त आ कॉरपोरेट कार्यमंत्री निर्मला सीतारामन वर्ष दू हजार पच्चीस छब्बीसक आम बजट के ध्यान मे रखैत आइ नव दिल्ली मे पांचम बजट पूर्व परामर्श बैसकक अध्यक्षता कयलनि। एहि बैसक मे वित्त निवेश आ सार्वजनिक परिसंपत्ति प्रबंधन, आर्थिक कार्य सहित कतेको विभागक सचिव, उद्योग आ आंतरिक व्यापार संवर्धन विभाग तथा केन्द्र सरकारक मुख्य आर्थिक सलाहकार सेहो सम्मिलित भेलाह। वित्त वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीसक लेल केन्द्रीय बजट पहिल फरवरी दू हजार पच्चीस कऽ संसद मे पेश कयल जयबाक आशा अछि। ई वित्त मंत्री सीतारामन के लगातार आठम बजट होयत।

———————————————————————

तेज पछवा हवाक कारणे प्रदेशक अधिकांश भाग मे ठंडा मे वृद्धि दर्ज कयल गेल। राजधानी पटना सहित राज्यक दक्षिण भागक अधिकतर स्थान पर मेघ लागल रहल। एक–दू ठाम हल्का फूही सेहो भेल अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक अधिकतर भाग मे न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरि कमीक पूर्वानुमान

जतौलक अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक वैज्ञानिक जनौलनि जे अगिला किछु दिन धरि तापमान मे कमीक क्रम जारी रहत।

———————————————————

मधुबनी जिलाक जयनगर मे भारत—नेपाल सीमा लऽग एसएसबी जवान सभ अभियान चला कऽ चौबीस सय बोतल नेपाली शराबक संग एक तस्कर गिरफ्तार कयल गेल।

———————————————————

समाप्त